*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 3 (7321) РУЗМАН 27 январь 2023 сон

12+

## Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон

**2023 сон Россиялда лъазабун буго Расул ХIамзатовасул сонлъун.**



Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас борхараб суалалъул рахъги ккун, Россиялъул президент Владимир Путиница гъулбасана цIар рагIарав поэт, жиндаго лъикIго лъалев вукIарав Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул юбилей тIобитIиялъе бахъараб Указалда.

Гьесул гьунаралъе ва улкаялъул культура борхизабиялъулъ лъураб цIикIкIараб бутIаялъе тIадегIанаб къимат кьурав президентас кIудикIудиял байрамалъулал ва ракIалде щвеялъулал тадбирал тIоритIизе рихьизарун руго. Гьелги цохIого Расул ХIамзатовасул ватIаналда гурел, тIолабго улкаялдагоги.

Киса-кирего гIадин нилъер районалдаги ине руго поэтасул 100 сон тIубаялъул юбилеялда хурхарал тадбирал.

Районалъул РДКялъул, ЦБСалъул ва школазул хIалтIухъабаз гьаризе руго батIи-батIиял цадахъал тадбирал. Гьезда гьоркьор руго «Мой Дагестан» абураб литературиябгун музыкалияб композиция, халкъияб театралъ гьабизе бугеб Расул ХIамзатовасул «Горянка» поэма ва гьесул кучIдул рикIкIиялъул «Мысли свои не прячь» абураб конкурсгун «Мой Дагестан», «Родной язык», «Журавли» абурал асарал жанир рорхараб гургинаб столги.

## Иргадулаб совещание

Гьал къоязда районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана иргадулаб совещание. Гьениб гIахьаллъи гьабуна отделазул ва муниципалиял гIуцIабазул нухмалъулез.

Совещаниялъул байбихьуда заместителас кIвар буссинабуна щивав нухмалъулес жидедаго тIадаб хIалтIи тIубазабиялде ва гьелдаго цадахъ районалъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялъе гьаризе ккарал ишазде ва цогидалги суалазде.

Районалъул росдал магIишаталъул ва экономикаялъул отделалъул нухмалъулев ХIажимухIамад Къадиевас кIвар буссинабуна 2022 соналда районалда нацпроектал хIалтIизариялъул анализ гьабулеб букIиналде ва гьел проектазда гьарурал хIалтIабазул хIисаб министерствоялдеги кьолеб букIиналде. Гьес гьединго бицана районалъул магIишатазда цебеккунго гIи къинлъиялъул бугеб ахIвалхIалалъул.

«Гьезие чIезарун руго киналго шартIал, хIажалъулеб къадаралда корма ва рагIихер», – ян бицана ХIажимухIамад Къадиевас.







НИЛЪЕР РАКЬЦОЯЛ ЛЪИКIАБ ХЪУЛУХЪАЛДА

## Земфира Кашкаева цIияб хъулухъалда



ДРялъул бетIер Сергей Меликовасул амруялдалъун ДРялъул бетIерасул пачалихъиял гIуцIабазул, кадрабазул ва пачалихъиял шапакъатазул суалазул нухмалъулейлъун тIамуна Кашкаева Земфира МухIамадовна.

Земфира Кашкаева гьаюна 1967 соналъул 7 январалда ЧIарада районалъул Шалиб росулъ.

Гьелъул захIматалъул нух байбихьана 1984 соналъ Цадахъ школалда байбихьул классазул учительлъун хIалтIиялдаса.

1986 соналдаса хадуй хIалтIизе лъугьана МахIачхъалаялъул 49-леб лъималазул ясли-ахалъул воспитательлъун.

Гьелдаса нахъеги хисана батIи-батIиял хъулухъал.

Араб соналъул декабралда Земфира Кашкаевалъе кьун букIана ДРялъул пачалихъалъул ХIурматияб грамота. Гьединго 2020 соналда бетIерлъуда В. Васильев вугеб заманалда кьуна «ДРялъул пачалихъалъулал хъулухъазул мустахIикъай хIалтIухъан» абураб цIарги.

Кашкаевалъ цебегоялдаса нахъего тIубазабулеб буго пачалихъалъул хъулухъазул хIалтIи. Цееккун гьей хIалтIана ДРялъул Минфиналъул кадрабазул отделалъул бетIерай специалистлъун.

ЦIияб хъулухъалде тIамизегIан гьей хIалтIулей йикIана ДРялъул нухмалъулесул Управлениялда кадрабазул отделалъул начальниклъун.

РакI-ракIалъго баркулеб буго Земфирада мустахIикъаб хъулухъ. Гьарула гьелъие хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби, мурад буго гьелъие хIалтIул болъобаздаса жеги тIадегIанал хъулухъазде яхин.

НИЛЪЕР КАДРАБИ

## Финансазулаб отделалъул нухмалъулев



2023 соналъул 10 январалда «Чародинский район» МОялъул администрациялъул бетIерасул №3-к буюрухъалдалъун районалъул финансазулаб отделалъул нухмалъулевлъун тIамун вуго АдухIов Арсен ГIабдурахIманович.

АдухIов Арсен гьавуна ЧIарада районалъул Муккукь росулъ 1980 соналъул 13 маялда.

1997 соналда Магъар гьоркьохъеб школаги лъугIизабун цIализе лъугьана Дагъистаналъул росдал магIишаталъул академиялде.

АдухIовасул захIматалъулаб нух байбихьана Магъар «Дружба» СХПКялъул расчеталъулаб столалъул бухгалтерасул хъулухъалдаса.

2005 соналда хIалтIизе лъугьана районалъул администрациялда специалистлъун.

2006 соналъул декабралдаса 2007 соналъул сентябралде щвезегIан хIалтIана ЧIарада районалда ОФКялда 2 разрядалъул специалистлъун.

Хадуб 2008 соналъул январалдаса июналде щвезегIан тIубазабуна захIматалъул ва гьеб цIуниялъул инспекторасул хъулухъ. 2008 соналда хIалтIизе лъугьана районалъул ЦРБялда бухгалтерлъун. 2010 соналда жиндиего бокьун хIалтIудаса нахъеги ун, 2011 соналда хIалтIуде восана ЧIарада районалъул рагъулаб комиссариаталъул отделалъул нухмалъулесул кIудияв кумекчилъун. Гьеб хъулухъалдаса эркен гьавун хадув хIалтIизе лъугьана ЧIарада районалъул ФОялда ведущий специалистлъун.

Отделалъул нухмалъулевлъун тIамизегIан хIалтIана гьанже хIалтIудаса нахъе арав ГIали ГIумаровасул заместительлъун.

# Бюджет «село Цадах» на 2023 год

Сельское Собрание МО «село Цадах»
Чародинского района

## Решение № 1

**О бюджете МО «село Цадах» Чародинского района на 2023 год.**

**Принято сельским Собранием 11 января 2023 года**

**Статья 1.** 1) Утвердить бюджет МО «село Цадах» Чародинского района на 2023 год по доходам в сумме 2186000 рублей и по расходам в сумме 2186000 рублей.

**Статья 2.** Утвердить перечень администраторов доходов бюджета сельского Совета - органов государственной власти и местного самоуправления согласно приложению 1 к настоящему решению.

**Статья 3.** Учесть в бюджете сельского Совета поступления доходов согласно приложению 2 к настоящему решению.

**Статья 4.** Утвердить распределение расходов сельского бюджета по разделам и подразделам функциональной классификации расходов бюджетов РФ согласно приложению 3 к настоящему решению.

**Статья 5.** Утвердить ведомственную структуру расходов бюджета сельского Совета согласно приложению 4 к настоящему решению.

**Статья 6.** В ходе исполнения настоящего решения сверх пределов, установленных Бюджетным Кодексом РФ, вносятся изменения в:

1) функциональную и экономическую структуру расходов в случае образования экономии по отдельным разделам, подразделам, целевым статьям, видам расходов и статьям экономической классификации расходов бюджетов РФ по представлению руководителей учреждений;

2) функциональную и экономическую структуры расходов на суммы, предоставляемые из районного бюджета за счет средств резервных фондов бюджетов других уровней;

3) функциональную и экономическую структуры расходов на суммы, направляемые на оплату исполнительных лимитов судебных органов в соответствии с Бюджетным Кодексом Российской Федерации.

Соответствующие решения об изменениях принимает сельское Собрание и передаются в соответствии с Соглашениями в орган кассового обслуживания бюджета (Отделение казначейства).

**Статья 7.** Установить, что финансирование поставок товаров, работ, оказания услуг для нужд сельского Совета осуществляется в соответствии с порядком, установленным Правительством РД, а также с учетом реального поступления доходов в сельский бюджет.

**Статья 8.** Установить, что заключение и оплата договоров бюджетными учреждениями производится в пределах утвержденных им лимитов бюджетных обязательств в соответствии с функциональной и экономическими структурами расходов бюджетов РФ и с учетом ранее принятых и не исполненных обязательств.

**Статья 9.** Целевые средства в составе остатка на едином счете бюджета на 01 января 2023г., а именно: субвенция на оплату ведения первичного воинского учёта - направляются на те же цели.

**Статья 10.** Средства социального страхования, поступившие в конце предыдущего года неиспользованные на начало года, направляются на обеспечение соответствующих выплат и на сумму указанных средств увеличиваются лимиты бюджетных обязательств по кодам расходов: 001 0104 0020000 500 213.

**Статья 11.** Средства в валюте Российской Федерации, полученные бюджетными учреждениями от предпринимательской и иной приносящей доход деятельности, учитываются на лицевом счёте, открытом в территориальном органе Федерального казначейства и расходуются в соответствии с утверждённой в установленном порядке сметой доходов и расходов.

**Статья 12.** Настоящее решение вступает в силу с 11 января 2023 г. и распространяется на правоотношения, возникшие с 01 января 2023 г.

***Глава МО «село Цадах» Чародинского района***
***Н. МАГОМЕДОВ***

Приложение 1
к решению о бюджете МО «село Цадах»
Чародинского района на 2023 г.
от 11.01.2023.

Администраторы доходов сельского бюджета

| Код дохода | Наименование дохода |
|---|---|
| 1.Федеральная налоговая служба | |
| 18210102010011000110 | Налог на доходы физических лиц |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц в границах поселений |
| 18210606023101000110 | Земельный налог по ставкам к объектам в границах поселений |
| 18210503010011000110 | Сельхоз налог |
| 2. Администрация МО «село Цадах» | |
| 00120201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности |
| 00120203015100000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учета |
| 00120203003100000151 | Субвенция на гос. регистрацию АГС |
| 00130202015100000410 | Доходы от реализации активов учреждениями в ведении органов МО |

Приложение №2
к решению о бюджете МО «село Цадах»
Чародинского района на 2023 г.
от 11.01.2023 г.

**Поступления доходов в бюджет МО «село Цадах» Чародинского района в 2023 году**

***(рублей)***

| Код дохода | Наименование дохода | Сумма |
|---|---|---|
| 18210102010011000110 | Налог на доходы физических лиц | 17000 |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц | |
| 18210606023101000110 | Земельный налог | |
| 00020201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности | 2149000 |
| 00020202020100000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учета | |
| 18210503010011000110 | Сельхоз налог | 20000 |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | | 2186000 |

Приложение №3
к решению о бюджете МО «село Цадах»
Чародинского района на 2023 год
от 11 января 2023 г.

**Распределение расходов сельского бюджета по разделам и подразделам функциональной классификации расходов бюджетов РФ**

***(рублей)***

| Наименование | Рз | Пр | Сумма |
|---|---|---|---|
| ВСЕГО РАСХОДОВ | --- | --- | 2 19 6000 |
| Функционирование Главы МО | 01 | 02 | 361403 |
| Функционирование Главы | 01 | 02 | 109143 |
| Аппарат местной администрации | 01 | 04 | 568106 |
| -//- | 01 | 04 | 171568 |
| -//- | 01 | 04 | 257170 |
| -//- | 01 | 04 | 20000 |
| -//- | 01 | 04 | 5000 |
| Мер. в обл. ком. | 05 | 03 | 52610 |
| -//- | 05 | 03 | 40000 |
| Молодёжная политика | 07 | 07 | 11000 |
| Культур. дос. центр | 08 | 01 | 600000 |

УТВЕРЖДАЮ
Глава МО «село Цадах» Чародинского района
Н. Магомедов
от 11. 01. 2023 г.

**Свод лимитов бюджетных обязательств получателей средств бюджета МО «село Цадах» на 2023 г.**

| № П/п | Коды Вед-й и функц-й класс-ции | | | | | Коды экономической классификации расходов бюджетов РФ | | | | | | | | | | | | | Всего |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Гл | Рз | Пр | ЦСР | ВР | 211 | 212 | 213 | 221 | 222 | 223 | 225 | 226 | 241 | 290 | 310 | 340 | всего | |
| 1 | 001 | 01 | 04 | 9990020400 | 121 | 568106 | | 171568 | | | | | | | | | | 739674 | |
| 2 | 001 | 01 | 13 | 9990029900 | 111 | | | | | | | | | | | | | | |
| 3 | 001 | 02 | 03 | 9990051180 | 121 | 88325 | | 26675 | | | | | | | | | | 115000 | |
| 4 | 001 | 01 | 04 | 9990020400 | 212 | | | | | | | | | | | | | | |
| 5 | 001 | 01 | 04 | 9990020400 | 244 | | | | 36000 | 22000 | 20000 | | 114670 | | 5000 | 44500 | 40000 | 282170 | |
| 6 | 001 | 01 | 13 | 9990029900 | 244 | | | | | | | | | | | | | | |
| 7 | 001 | 05 | 03 | 9996000100 | 244 | | | | | | | | | | | | | | |
| 8 | 001 | 05 | 03 | 9996000300 | 500 | | | | | | 40000 | 26400 | | | | | 16210 | 82610 | |
| 9 | 001 | 05 | 03 | 9996000400 | 500 | | | | | | | | | | | | | | |
| 10 | 001 | 05 | 03 | 9996000500 | 500 | | | | | | | | | | | | | | |
| 11 | 001 | 07 | 07 | 9994310100 | 500 | | | | | | | | | | 11000 | | | 11000 | |
| 12 | 001 | 08 | 01 | 9994409900 | 611 | | | | | | | | | 600000 | | | | 600000 | |
| 13 | 001 | 08 | 01 | 9994409900 | 001 | | | | | | | | | | | | | | |
| 14 | 001 | 11 | 05 | 9995120000 | 500 | | | | | | | | | | | | | | |
| 15 | 001 | 01 | 02 | 9990020300 | 121 | 361403 | | 109143 | | | | | | | | | | 470546 | |
| 16 | 001 | 01 | 14 | | 500 | | | | | | | | | | | | | | |
| 17 | 001 | 03 | 09 | | 500 | | | | | | | | | | | | | | |
| | | | | | | | | | | | | | | | | | | | |
| В С Е Г О | | | | | | **1017834** | | **307386** | **36000** | **22000** | **60000** | **26400** | **114670** | **600000** | **16000** | **44500** | **56210** | 2301000 | |

***Составил бухгалтер***
***С. СИРАЖУДИНОВ***

# Бюджет «сельсовет Гочадинский» на 2023 год

Собрание депутатов сельского поселения
«сельсовет Гочадинский» Чародинского района

## Решение № 2

*от 28.12.2022 г.*

**О бюджете муниципального образования «сельсовет Гочадинский»
Чародинского района на 2023 год**

**Статья 1.** 1) Утвердить бюджет МО «сельсовет Гочадинский» Чародинского района на 2023 год по доходам в сумме 3674000 руб. и по расходам в сумме 4177000 рублей с учетом неизрасходованных средств за 2022 год в сумме 503000 рублей;

2) Установить предельный размер дефицита бюджета сельского совета 00 рублей;

3) Установить источниками финансирования дефицита бюджета поступления от продажи имущества, находящегося в муниципальной собственности, в сумме 00 рублей.

**Статья 2.** Утвердить перечень администраторов доходов бюджета сельского Совета органов государственной власти и местного самоуправления согласно приложению 1 к настоящему решению.

**Статья 3.** Учесть в бюджете сельского Совета (села) поступления доходов согласно приложению 2 к настоящему решению.

**Статья 4.** Утвердить распределение расходов сельского бюджета по разделам и подразделам функциональной классификации расходов бюджетов РФ согласно приложению 3 к настоящему решению.

**Статья 5.** Утвердить ведомственную структуру расходов бюджета сельского Совета (села) согласно приложению 4 к настоящему решению.

**Статья 6.** В ходе исполнения настоящего решения сверх пределов, установленных Бюджетным кодексом РФ, вносятся изменения в**:**

1) функциональную и экономическую структуру расходов в случае образования экономии по отдельным разделам, подразделам, целевым статьям экономической классификации расходов бюджета РФ по представлению руководителей учреждений;

2) функциональную и экономическую структуры расходов на суммы, предоставляемые из районного бюджета за счет средств резервных фондов бюджетов других уровней;

3) функциональную и экономическую структуры расходов на суммы, направляемые на оплату исполнительных лимитов судебных органов в соответствии с Бюджетным Кодексом Российской Федерации.

Соответствующие решения об изменениях принимает сельское Собрание и передаются в соответствии соглашениями в орган кассового обслуживания бюджета (Отделение Казначейства.)

**Статья 7.** Установить, что финансирование поставок товаров, работ оказания услуг для нужд сельского Совета осуществляется в соответствии с порядком, установленным Правительством РД, а также с учетом реального поступления доходов в сельский бюджет.

**Статья 8.** Установить, что заключение и оплата договоров бюджетными учреждениями производится в пределах утвержденных им лимитов бюджетных обязательств в соответствии с функциональной и экономическими структурами расходов бюджета РФ и с учетом ранее принятых и не исполненных обязательств.

**Статья 9.** Целевые средства в составе остатка на едином счете бюджета на 01 января 2023 г., а именно: субвенции на оплату ведения первичного воинского учета - направляются на те же цели.

**Статья 10.** Средства социального страхования, поступившие в конце предыдущего года неиспользованные на начало года, направляются на обеспечение соответствующих выплат и на сумму указанных средств увеличиваются лимиты бюджетных обязательств по кодам расходов: 000 0104 0010000 005 213.

**Статья 11.** Средства в валюте РФ, полученные бюджетными учреждениями от предпринимательской и иной приносящей доход деятельности, учитываются на лицевом счете, открытом в территориальном органе Федерального казначейства и расходуются в соответствии с утвержденной в установленном порядке сметой доходов и расходов.

**Статья 12.** Настоящее решение вступает в силу с 01.01.2023 года и распространяется на правоотношение с 01.01.2023 г.

***Глава МО «сельсовет Гочадинский» Чародинского района***
***И. БАГАУДИНОВ***

Приложение 1 к решению «О бюджете МО
«сельсовет Гочадинский» Чародинского района»
на 2023 год от 28 декабря 2022 г. № 2

**Администраторы доходов сельского бюджета**

| 1.Федеральная налоговая служба | |
|---|---|
| Код дохода | Наименование дохода |
| 18210102021011000110 | Налог на доходы физических лиц |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц в границах поселений |
| 18210606023101000110 | Земельный налог по ставкам к объектам в границах поселений |
| 2. Администрация МО «сельсовет (село) Гочадинский» | |
| 00020201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности |
| 00020202020100000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учёта |
| | |

Приложение № 2 к решению о бюджете МО
«сельсовет Гочадинский» Чародинского района
на 2023 год от 28 декабря 2022 г. № 2

**Поступления доходов в бюджет МО
«сельсовет Гочадинский» Чародинского района в 2023 году**

***(рублей)***

| Код дохода | Наименование дохода | Сумма |
|---|---|---|
| 18210102021011000110 | Налог на доходы физических лиц | 35000 |
| 18210601030101000110 | Налог на имущество физических лиц | 60000 |
| 18210606023101000110 | Земельный налог | 237000 |
| 18210503000010000110 | Единый сельскохозяйственный налог | 22000 |
| 00020201001100000151 | Дотация на выравнивание уровня бюджетной обеспеченности | 3182000 |
| 00020202020100000151 | Субвенция на оплату ведения первичного воинского учёта | 133000 |
| 0002020300310000151 | Субвенция на ЗАГС | |
| 00111705050050000180 | Не налоговые доходы | 5000 |
| ВСЕГО ДОХОДОВ | | 3674000 |

Приложение № 3 к решению о бюджете МО
«сельсовет Гочадинский» Чародинского района
на 2023 год 28 декабря 2022 г. № 2

**Распределение расходов сельского бюджета по разделам и подразделам
функциональной классификации расходов бюджетов РФ**

***(рублей)***

| Наименование | Рз | Пр | Сумма |
|---|---|---|---|
| ВСЕГО РАСХОДОВ | --- | --- | 4177000 |
| Функционирование Главы МО | 01 | 02 | 502312 |
| Функционирование местной администрации | 01 | 04 | 737488 |
| Руководство и управление в сфере уст-х функций (Центр. бухгал. и др.) | 01 | 14 | 351384 |
| Мобилизационная и вневойсковая подготовка | 02 | 03 | 133000 |
| Жилищное хозяйство | 05 | 01 | |
| Коммунальное хозяйство | 05 | 02 | 738816 |
| Благоустройство | 05 | 03 | 130000 |
| Молодёжная политика | 07 | 07 | 30000 |
| Культура | 08 | 01 | 1390000 |
| Спорт и физическая культура | 11 | 02 | 60000 |
| Выборы Главы МО | 01 | 07 | |
| Пенсия муниц. служ. | 01 | 01 | 74000 |
| Ликвидация чрез. ситуаций и стихийных бедствий | 03 | 09 | 30000 |
| Антитеррор | 01 | 13 | ---- |

Приложение 4 к решению «О бюджете МО
«сельсовет Гочадинский» Чародинского района»
на 2023 год от 28 декабря 2022 г. № 2

**Ведомственная структура расходов сельского бюджета на 2023 год (глава)**

***(рублей)***

| Наименование | Рз | Пр | ЦСР | ВР | Сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО | --- | --- | ----------- | --- | 4177000 |
| 193415 Функционирование Главы МО | 01 | 02 | 9990020300 | 121 | 502312 |
| Аппарат местной администрации | 01 | 04 | 9990020400 | 122 | 737488 |
| Другие общегосударственные вопросы | 01 | 14 | 9990029900 | 111 | 351384 |
| 193 Первичный воинский учёт | 02 | 03 | 9990013600 | 121 | 133000 |
| Мероприятия в области жилищного хозяйства | 05 | 01 | 9993500300 | 244 | |
| Мероприятия в области коммунального хозяйства | 05 | 02 | 9993510500 | 244 | 419000 |
| Уличное освещение | 05 | 03 | 9996000100 | 244 | 130000 |
| Строительство и содержание автомобильных дорог и сооружений на них в рамках благоустройства | 05 | 03 | 9996000200 | 244 | |
| Озеленение | 05 | 03 | 9996000300 | 500 | |
| Организация и содержание мест захоронения | 05 | 03 | 9996000400 | 244 | |
| Мероприятия по благоустройству | 05 | 03 | 9996000500 | 414 | 319816 |
| Проведение мероприятий для детей и молодёжи | 07 | 07 | 9994310100 | 244 | 30000 |
| Обеспечение деятельности домов культуры, клубов | 08 | 01 | 9994409900 | 611 | 1390000 |
| Антитеррор | 01 | 13 | 9990920305 | 244 | ----- |
| Мероприятия в области физкультуры и спорта | 11 | 02 | 9995129700 | 244 | 60000 |
| Выборы депутатов Собрания | 01 | 07 | 9994910100 | 880 | ----- |
| Стихия | 03 | 09 | 9992180100 | 214 | 30000 |
| Пенсия муниц. служ. | 01 | 01 | 9994910100 | 321 | 74000 |

**УТВЕРЖДАЮ**
Глава МО «сельсовет Гочадинский» Чародинского района
Багаудинов Имамудин Набиевич
28 декабрь 2022 г.

**Свод лимитов бюджетных обязательств получателей средств бюджета МО «сельсовет Гочадинский» Чародинского района на 2023 год**

| Коды вед-й и функ-й клас-ци | | | | | Коды экономической классификации расходов бюджетов РФ | | | | | | | | | | | | | | | всего |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Гл. | Рз. | Пр. | ЦСР | ВР | 211 з\плата тыс.р. | ы | 213 взносы нач. | 221 интер-нет связь | 222 аренд машин | 223 к\у элекэн | 225 Вр\р Зар\плата | 226 под писка штрафы и прочие | 241 КДЦ. клубы | 321 пенсия мун\сл. | 290 Пол\молод. стихия. Спорт. Имущ\ налог\с орган | 310 Компют. Ос\ср | 340 Канц\, товар | 340 Матер\ запасы Хоз\рас ходы конц\т | | |
| 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 14 | 15 | 16 | 17 | 18 | 19 | 20 | 21 | 22 | 23 |
| 001 | 01 | 02 | 9990200003 | 880 | 385800 | | 116512 | | | | | | | | | | | | | 502312 |
| 001 | 01 | 04 | 9990020400 | 500 | 427120 | | 130368 | | | | | | | | | | | | | 557488 |
| 001 | 01 | 04 | 9990020400 | 500 | | | | 28000 | | 20000 | | | | | | | | | | 48000 |
| 001 | 01 | 04 | 9990020400 | 500 | | | | | 80000 | | | 20000 | | | 30000 | | 2000 | | | 132000 |
| 001 | 01 | 04 | 9990020400 | 500 | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 001 | 01 | 04 | 9990020400 | 500 | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 500 | 98000 | | 29600 | | | | | | | | | | | 5400 | | 133000 |
| 001 | 01 | 13 | 9990029900 | 001 | 269880 | | 81504 | | | | | | | | | | | | | 351384 |
| 001 | 01 | 13 | 9990029900 | 001 | | | | | | | | | | | | | | | | |
| 001 | 03 | 09 | 9992180100 | 244 | | | | | | | | | | | 30000 | | | | | 30000 |
| 001 | 05 | 02 | 9993510500 | 244 | | | | | | | | | | | | | | 169000 | | 169000 |
| 001 | 05 | 03 | 9996000100 | 244 | | | | | | 130000 | | | | | | | | | | 130000 |
| 001 | 07 | 07 | 9994310100 | 500 | | | | | | | | | | | 30000 | | | | | 30000 |
| 001 | 11 | 02 | 9995129700 | 500 | | | | | | | | | | | 60000 | | | | | 60000 |
| 001 | 08 | 01 | 9994409900 | 611 | | | | | | | | | 1390000 | | | | | | | 1390000 |
| 001 | 05 | 03 | 9996000500 | 414 | | | | | 25000 | | 100816 | | | | | | | 194000 | | 319816 |
| 001 | 10 | 01 | 9994910100 | 321 | | | | | | | | | | 74000 | | | | | | 74000 |
| 001 | 05 | 02 | 9993510500 | 414 | | | | | | | | | | | | | | 250000 | | 250000 |
| | | | ВСЕГО | | 1180800 | | 357984 | 28000 | 105000 | 150000 | 100816 | 20000 | 1390000 | 74000 | 150000 | | 2000 | 618400 | | 4177000 |

***Составил: бухгалтер***
***У. АХМАТИЛОВА***

ДАССРалъ 102 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# БахIарчияб нух

Рогьалилъ бакъул тIоцересел чIораз къаралазул гIазул тIогьал кенчIезарулеб мехалъ, ЦIуриб росдал майданалде рекъльулаго гIансаги гIунтун вачIана гIумруялъул лъабкъоялда анцIго сон барав гIадав, амма чорхолъ жеги жан бугев чи. Данде ккараз бетIерги къулун хIурматги гьабулаго, гьесие салам кьола.

ЧIарада районалъул ЦIуриб росдал гьоркьохъеб школалда унеб букIана комсомолазул собрание. ГIолохъанал ленинцаз цебе-цебеги районалъул машгьурал гIадамалги ахIун тIоритIулаан жидерго данделъаби, гIуцIулаан гьезулгун дандчIваял.

Къасиги… Жакъа гьезухъе вачIун вуго багIарав партизан, Совет властальe гIоло, рухIалда барахщичIого къеркъаразда цояв – АсхIабгIали Къурбанов. Гьале залалда бакIаб сихI-къотIи лъугьана. ГIолилазда цеве кIалъазе вахъана АсхIабгIали:

- АнцIила ункъо сон букIинчIо дир гIумруялъул, халкъазул эркенлъиялъе гIоло къеркьезе тIоцебе туманкI кодобе босараб мехалъ, – ян абуна гьес.

Цинги, бахIарчилъиялъул бицунеб тIехьалъул тIанчал регулел гIадин, гьесул биценалъ, цоялда хадур цоял гьарун церетIамун рачIана багIарав партизанасул гIумруялъул ва революциялъе гIоло биял гIодоре тIурал дол къоял.

ЦIудул гозо гIадаб бегIераб къурул гIусалда гьоркь, рохьил рагIаллъуда буго къаралазул Мугдукь абулеб гьитIинабго росу. Гьенив мискинав векьарухъанасул хъизамалъе гьавуна АсхIабгIали Къурбанов. Гьесул эмен Къурбанил МухIамадица чияр хурзал рекьун, гIибоцIи хьихьун хIалицаго гьабулаан бетIербахьи. Хъизан кIодолъидал гьезие кванагьекъезе жоялъул хIажалъи цIикIкIиналъ бетIербахьиялъе росу тун ине ккана гьев. Щвана ЧIикIаве. Бечелъиялъул рахъалъ Дагъистаналдаго цIар рагIарав Парзулас нахъ чIвалароан жинда цере хIалтIизе рачIарал гIадамал. Амма гьабураб хIалтIухъ кьолеб мухьин абуни гьесул мукъсанаб букIунаан.

АсхIабгIалил эбел загIипай гIадан йикIана. Гьелда кIвечIо рагьтIателлъи халат ккун хIехьезе. ЧIикIасезул хабалалъ гьейги юкъун, эмен гIисинал лъималгун магIарухъе тIадвуссана. АнцIила лъабго сон гурони гIумруялъул гьечIев АсхIабгIалида бичIчIана жидее чед балагьулаго инсуда бихьулеб захIмат. Гьев магIарухъеги инчIого Темир-Хан-Шураялде вачIана ва гьениб кирпич къотIулеб заводалде хIалтIизе лъугьана. Гьесул кIудияв вац ХирамухIамадица гьенибго хьулухъ гьабулеб букIана пачаясул армиялда. Доб мехалъ, батраклъи чIалгIарав АсхIабгIалица гIарза кьуна живги фронталде витIеян. Жидеда цебе гьитIинабго лъимер эхетун бихьидал мухьдахъ ккурал солдатал рачине рачIарал пачаясул армиялъул командирзаби Хунзахъа М. ХIамзатовасгун Юсупбегица гьев махсароде ккуна:

- ХвалченгIан гьечIев дуца гьеб кин борчинеб?

- Дир кверал къвакIарал руго. Кье гьеб дихъе, бокьаравгун вахъина, – ян жаваб кьуна АсхIабгIалица.

- Кьвари бихьуларищ цо жоясул, ваче, ваче!

АсхIабгIали вохана. Амма гьесда лъалароан лъие гIоло би гIодобе тIезе гьедин разиго жив Австро-Венгриялъулгун букIараб рагъде Карпаталде уневали. ЛъачIо гьеб лъабго соналъ вагъулелъулги, захIматго лъукъарав сах гьавизе Кисловодскиялде витIараб мехалъги. Лъана гIицIго гьезул рекIаразул полкалда бальго хIалтIулел рукIарал большевиказ Авроралъул гучаб къвагьиялъул хабар тIибитIизабидал. Солдатазда гьоркьоб лъугьана кутакаб багьа-бачари.

- Яре рагъ! Эркенлъи! ЧIахъаги революция!, – ян ахIулаго, комадирзабазухъги гIенеккичIого, жидерго ярагьгун, чуялгун гьез Россиялдехун нух босана. Амма кинаб къисмат жидер ккелебали гьезда лъалароан.

КватIичIого Ростовалде гIагарлъухъе щвана. Большевиказул партиялъ Дагъистаналъул рекIаразде данде витIун вачIана Сергей Миронович Киров. Рагъухъабаздехун вуссун гьес калам гьабуна:

- Дагъистаналъул мугIрузул цIумал! Нужеда лъалищ, нужер гьудул щив, тушман щивали? – ян абуна гьес. Цинги рагъухъабазда бицана тIаса бищизе кколеб нух. Революциялъул жаниселгун къватIисел тушбабаздехун цIоб гьечIеб къеркьей гьабизе ахIана гьел.



Нахъойги сихIкъотIи лъугьана школалъул залалда. Нилъалзукь заралги лъун цIалдохъаби партизанасул хабаралъухъ хIайранго гIенеккун рукIана.

- Революциялъе гIоло гьабураб къеркьеялъул нух халатаб ва захIматаб буго, – ян абуна АсхIабгIалица. – Ниж гIицIго Дагъистаналда революциялъе гIоло гурелги тIолабго улкаялъе гIологи къеркьана.

ТIоцебесеб Советияб республика хIатIакь мерхьинелъун кинабго рахъалъан тушбаби тIаде кIанцIулел рукIана. Сибиралда Колчакида данде багьулеб букIана К. Е. Ворошиловас нухмалъи гьабулеб армия. Гьелда гьоркьове ккана АсхIабгIали Къурбановги.

1918 соналъул хасалихълъи. Тушманасул ахIвал-хIал лъазе командованиялъ бетIерлъуда АсхIабгIали Къурбановгун анцIго рагъухъан разведкаялъ витIана. КIиго къо тушманасул рахъалдаги бан, гьесул яргъилал къуватал ва цогидабги ахIвал-хIалги лъазабун тIадруссунаго, гьел тушманасул гьоркьчIалиде тIаде ккана. Разведчиказда кIвана гулил цIадалдаса рикIкIалъизе, амма сверун ккураб бакIалдаса рорчIизе гьезие захIмалъулеб букIана. Кисаялиго ахIулеб рагIулаан:

- ГIурусал, кверде рачIа, нуж рорчIизе гьечIо!

Гьедин кIиго къоялъ рохьор рахчун, лъутун разведчиказда кин-киниги кIвана жидеразухъего нух бахъизе. Хадуб живго К. Е. Ворошиловас аскIове ахIана АсхIабгIали Къурбанов:

- Бице, АсхIабгIали, нуж пленалде кканищ тушманасухъе? Нилъерал ругеб бакI бицанищ?

- Ниж гьезда кодоре щвечIо, гьалмагъ Ворошилов! Рахчизе кIвана.

БахIарчилъиялда тIадкъайги тIубазабун вачIиндал Климент Ефремовичас АсхIабгIали Къурбановасе сайгъаталъе тIад цIарги хъван «Маузер» таманча кьуна.

Цо нухалда АсхIабгIалида вихьана Темир-Хан-Шурав майданалда кIалъалев М. Дахадаев. Цойидасан, залимаб хъахIаб чода тIаде вахъана ХIоцоса «гьереси имам».

- Борхалъудаса яре, хIама! – ян ахIдана гьев рикIкIадасанго МахIачида.

- ХIамул ХIоцор гIемер руго, Нажмудин. ГIиязда тезе гIухьби хIажалъунищ вачIарав? Мискинзаби ракъун руго, ратIликъго руго, мунан абуни мугIрул цIун гIиялгун, гIалах цIун боцIигун вуго. ВачIа кIалъазе, халкъазда бичIчIун букIина дур гьереси.

Имам сихI къотIун хутIана. Цинги МахIачида: - «Бихьилинха цо!» – янги абун жиндирго нух босун ана. Бергьенлъи МахIачие ва гьесул рахъ ккуразе щвана. Гьесда кIвана мискинзабаздаса революциялъе гIоло къеркьолезул рекIаразул полкалде гьорлъе таманалго гIадамал цIазе. Гьеб полкалде жиндиего бокьун лъугьана АсхIабгIали Къурбановги.

МаркIачIулъ МахIачица ва Уллубий Буйнакскияс бальго хIалтIулеб революциялъул штабалде ракIарана хасал гIадамал. Данделъаразда гьез бугеб ахIвал-хIалалъул бицана. Живживасе кьуна тIадкъаял. А. Къурбанов ине кколаан Уллубийида цадахъ, гьезул росулъе ва гьес къураб гIарацгун дунял рогьиналде тIадвуссинеги кколаан. ТIадкъайги тIубан нахъвуссунелъул АсхIабгIали тушманас жиндие гьабураб гьоркьчIалиде тIаде ккана. Амма гьесда ворчIизе кIвана. Гьениб А. Къурбановасул гьежги лъукъана. Революциялъул штабалдеги щун гьалмагъзабаз ругьнал хал гьабулеб мехалъ, гьев лъукъараб гула гьесул гордил кьвалалда жанибе ккун батана. Гьединал тIадкъаял бахIарчилъиялда гIемер тIуразаруна АсхIабгIали Къурбановас.

Советияб властальe гIоло гьабулеб къеркьеялъул бахIарчияб нух нахъа тана гьес. Дагъистаналда Советияб власть ккун хадусалаги гьев хIалтIана батIи-батIияв жавабиял ишазда, КIудияб ВатIанияб рагъул соназда Советияб милициялъул къеразулъеги лъугьун гIемераб хIалтIи гьабуна. ВатIаналда цебе гьабураб бахIарчияб хьулухъалъе гIоло улкаялъ гьесул каранда орденал ва медалал рана. Гьелъин жакъа киназго хIурмат ва адаб гьабулебги бугеб пенсионер АсхIабгIали Къурбановасул.

*ГIабдула ДАГАНОВ,*
*28 август 1970 с.*
*«ХIакъикъат» газеталдаса босараб*

**ЧIАРАДА**
**Директор МБУ «ЕИС»** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** «ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация
**Учредитель:** Администрация муниципального образования «Чародинский район»

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
Заказ №____

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5 Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес*